

Fòmilè Evalyasyon Sekirite Fanmi

Nou poze tout moun ki enskri nan sèvis pansyon alimantè pou timoun kesyon sa yo pou ede nou bay opsyon sekirite pou moun ki bezwen yo. Ou ka pale an prive ak travayè pansyon alimantè pou timoun ou an sou kesyon sa yo oswa lòt opsyon sekirite pandan tout pwosesis sa a.

Yo p ap pataje repons ou yo ak lòt pati a nan kad pansyon alimantè pou timoun ou an. Yo p ap pataje enfòmasyon yo ak pèsonn sof si yon timoun sibi vyolans oswa li an danje. Si w gen enkyetid sou entèvansyon Sèvis Pwoteksyon Timoun (Child Protective Services, CPS) tanpri pale ak travayè w la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou opsyon sekirite ak mezi egzekisyon yo nan depliyen *Jwenn Pansyon Alimantè pou Timoun san Danje: Kisa Ou Ta Dwe Konnen (Getting Child Support Safely: What You Should Know)*.

Tanpri reponn ak kesyon sa yo:

- Èske lòt pati a te deja fè youn nan sa yo? **Tcheke tout sa ki aplike:**
 - ☐ Menase pou fè mal a ou menm, timoun yo, fanmi ou, oswa bèt lakay ou, oswa menase pou fè tèt yo mal
 - ☐ Abi emosyonèl (egzanp: reke sou ou, rabese w, fè w panse w fou)
 - ☐ Abi finansye (egzanp: pa ba w aksè ak lajan oswa kont yo, kache oswa chanje modpas yo pou anpeche w jwenn aksè ak kont yo, anpeche w travay oswa fè w pèdi travay, fè dèt sou non w)
 - ☐ Asèlman oswa kontwòl (egzanp: apèl/tèks repete, itilize rezo sosyal yo pou entimide w/siveye w, swiv kote w ye, parèt nan travay ou)
 - ☐ Abi seksyèl (egzanp: fè w fè yon bagay seksyèl ou pa t vle fè, itilize fòs fizik, dwòg oswa alkòl, entimide w, montre yon zam pou menase w oswa fè presyon sou ou)
 - ☐ Abi fizik (egzanp: frappe, pouse, bay koutpwen, "toufe" oswa mete men nan gòt ou)
- Èske w gen enkyetid pou sekirite w si lòt pati a konnen adrès ou kounye a oswa alavni, kote w ap travay, oswa fason pou kontakte w?
 - ☐ Wi ☐ Non
- Pafwa nou kontakte lòt pati a pou jwenn enfòmasyon tankou revni ak travay. Èske w gen enkyetid pou sekirite w si nou kontakte lòt pati a?
 - ☐ Wi ☐ Non
- Èske w gen enkyetid pou sekirite w lè w parèt nan tribinal epi w ap pataje enfòmasyon pandan lòt pati a nan sal la?
 - ☐ Wi ☐ Non
- Èske w gen enkyetid pou sekirite w si/lè w ap chanje timoun yo pou vizit oswa pandan vizit la?
 - ☐ Wi ☐ Non
- Èske w gen enkyetid ke lòt pati a ka menase w, pran revanj kont ou, oswa eseye itilize Tribinal Fanmi, CPS, oswa lòt sistèm kont ou si w enskri pou sèvis pansyon alimantè pou timoun?
 - ☐ Wi ☐ Non
- Pou ranmase lajan pansyon alimantè pou timoun tribinal la te òdone, nou pral retire lajan dirèkteman nan salè lòt pati a. Yo ka pran mezi si l pa peye (pa egzanp, sispann lisans chofè, lisans pwofesyonèl ak lisans lwazi; refize paspò; bloke kont labank, epi pran ranbousman taks eta ak federal yo).
Èske w gen enkyetid pou sekirite w si yo pran mezi kont lòt pati a pou ranmase lajan pansyon an nan men l?
 - ☐ Wi ☐ Non

Ou pa bezwen ranpli sa a. **Tcheke isit la ☐ si ou pa vle reponn kesyon ki anwo yo.**

Pati (CP/NCP) _____

Dat li ranpli _____

Inisyal Distri a _____

Pou Referans Sèlman